

# Plan Vaksinyon kont COVID-19 nan Maryland




## Kijan Mwen Ka Pran Vaksen kont COVID-19 la?

Gen plizyè faktè ki pral detèmine ki moun ki pral pran vaksen kont COVID-19 la, epitou kantite vaksen k ap genyen an pral limite okòmansman. Se pa tout moun ki pral kapab vaksinen touswit, men gouvènman federal la envesti nan kapasite fabrikasyon yo genyen pou yo pwodui e pou yo distribye vaksen yo byen rapid. Sa pral pèmèt tout moun vaksinen osito gen yon gran kantite vaksen ki disponib.

## Kijan yo Pral Distribye Vaksen yo?

Maryland pral distribye vaksen yo nan senk diferan gwoup priyorite dapre lòd risk relatif la.



## Ki Kote Mwen Ka Al Pran Vaksen an? Èske M ap Dwe Anrejistre Davans?

Ou pral gen chwa pami plizyè lokal kote ou ka ale pran vaksen kont COVID-19 la. Chak gwoup pral resevwa plis detay lè vaksen an ap disponib.

## Èske M ap gen Pou M Peye pou Vaksen kont COVID-19 la?

Yo pral administre dòz vaksen yo achte ak lajan kontribyab ameriken yo bay moun gratis. Sepandan, founisè vaksen yo ap kapab chaje yon frè administratif poutèt y ap bay yon moun vaksen an.

Pou jwenn plis resous sou vaksen kont COVID-19 la, ki gen ladan yo fèy enfòmasyon ak Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ yo), ale sou [covidLINK.maryland.gov](https://covidLINK.maryland.gov).

